

المختصر المفيد للمسلم

Gid pratik pou chak Mizilman

Gid pratik pou chak Mizilman

Gid pratik pou chak Mizilman

Nan non Allah, ki gen tout krentif, ki gen tout mizèrikòd.

Entwodiksyon

Lwanj pou Allah, Mèt tout linivè a. Ke benediksyon ak lapè poze sou sila a ki pi onorab pami Pwofèt yo ak Mesaje yo, pwofèt nou an Mouhamad, ansanm ak fanmi li ak tout konpayon li yo.

Kounye a (Après sa) :

Younn nan pi gwo benediksyon Allah Granmèt la bay yon moun, se lè li fè li favè pou li resevwa Islam, pou li rete fèm ladan li, epi pou li mache dapre lòd ak lalwa Li yo. Nan liv sa a, Mizilman an ap aprann baz kap pèmèt relijyon li mache dwat. Li ekri nan yon fason ki kout epi ki klè pou montrel chemen gran relijyon sa a; konsa, konesans li ap ogmante sou Allah Granmèt la, sou relijyon Islam nan, ak sou pwofèt li a, Mouhamad (lapè ak benediksyon Allah sou li). Konsa tou, lap kapab adore Senyè toupwisan an Granmèt la avèk klète ak konesans.

Rezon ki fè Allah kreye moun oswa (Sajès ki dèyè kreyasyon sèvitè yo)

Allah Granmèt la kreye nou pou yon rezon ki gen anpil sajès: se pou nou adore li sèlman ,san nou pa ba li okenn asosye, jan Li te di sa nan grandè Li:

﴿وَمَا خَلَقْتُ الْجِنَّ وَالْإِنْسَ إِلَّا لِيَعْبُدُونِ﴾

Mwen pat kreye Djinn yo ak moun yo pou okenn lòt rezon, esepite pou yo ka adorem sèlman. [Adh-Dhariyat vèsè 56] Sa vle di: pou yo mete Li apa kòm sèl mèt yo dwe adore, san yo pa ba Li okenn asosye. Epi, se otou gwo objektif sa a tout aksyon nou ak tout entansyon nou nan mond sa a dwe vire. Jan Allah nan grandè Li te di sa:

﴿أَفَحَسِبْتُمْ أَنَّمَا خَلَقْنَاكُمْ عَبَثًا وَأَنَّكُمْ إِلَيْنَا لَا تُرْجَعُونَ * فَتَعَالَى اللَّهُ الْمَلِكُ الْحَقُّ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ رَبُّ الْعَرْشِ الْكَرِيمِ﴾

Èske nou te panse nou te kreye nou konsa konsa, san okenn rezon (pou anyen), epi nou pa tap tounen vin jwenn nou?

Lwanj pou Mèt linivè ki pi wo pase tout bagay, Wa a, Verite a. Pa gen okenn lòt dye apa Li menm, Mèt Twòn nan ki gen anpil respè a (Twòn ki bèl la). [sourat Al-Mu'minin vèsè 115-116].

Mèt mwen ‘senyè mwen se Allah

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿يَا أَيُّهَا النَّاسُ اعْبُدُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ وَالَّذِينَ مِنْ قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ﴾

O nou menm moun! Adore Mèt nou an, Li menm ki te kreye nou ansanm ak moun ki te la anvan nou yo, pou nou kapab gen krentif pou Li (epi mache dwat). vèsè 21 nan Sourat Al-Baqarah

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿هُوَ اللَّهُ الَّذِي لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ﴾

Se Li menm ki Allah mèt linivèa, pa gen okenn lòt dye apa Li menm. vèsè 22 nan Sourat Al-Hashr

Men sa senyè toupwisan an di:

(لَيْسَ كَمِثْلِهِ شَيْءٌ وَهُوَ السَّمِيعُ الْبَصِيرُ)

Pa gen anyen ki sanble ak Li, epi se Li menm ki tande tout bagay, ki wè tout bagay. vèsè 11 nan Sourat Ach-Choura

Allah se Mèt mwen epi Li se Mèt tout sa ki egziste. Se Li ki mèt tout bagay, se Li ki kreye tout bagay, se Li ki bay tout sa nou bezwen poun viv (pwovizyon), epi se Li menm kap jere tout bagay nèt.

Se Li menm sèl ki merite pou moun adore li; pa gen lòt Mèt apa Li menm, epi pa gen okenn lòt dye Sèlman li menm.

Se pou Li tout bèl non yo ak tout kalite ki pi wo yo, sa Li menm Li te di sou tèt Li epi sa pwofèt Li a (lapè ak benediksyon Allah sou li) te di sou Li tou. Kalite sa yo rive nan nivo ki pi wo nan pèfeksyon ak bèlte; pa gen anyen ki sanble ak Li, epi se Li menm ki tande tout bagay, ki wè tout bagay.

Pami bèl non li yo, nou jwenn :

Sila ki banou sa nou bezwen an, Sila ki gen anpil Mizèrikòd la, Sa ki gen tout pouvwa a, Wa a, Sila ki tande tout bagay la, Sous Lapè a, Sila ki wè tout bagay la, Sila ki jere tout zafè a, Kreyatè a, Sila ki dou e ki gen bonte a, Sila ki sifi pou tout bagay la, Sila ki padone anpil la.

Se Li menm ki pran reskonsablite pou li bay tout sèvitè li yo sa yo bezwen pou yo viv (pwovizyon). Se pwovizyon sa yo ki fè kè yo kontinye bat epi ki kenbe kò yo an fòm.

Ar-Rahman (الرحمن): Sila ki gen tout krentif la (oswa ki gen yon pitye ki san limit).

"Se Li menm ki gen yon mizèrikòd (pitye) ki laj anpil epi ki gran anpil, yon mizèrikòd ki kouvri tout sa k egziste nèt."

Al-Qadir (الْقَدِيرُ): Sa ki gen tout pouvwa a.

"Se Li menm ki gen yon pouvwa ki pafè nèt; pa gen anyen ki ka fèl febli, epi li pa janm fatige.

Al-Malik (الْمَلِكُ): Wa a (Mèt la).

"Se Li menm ki gen tout kalite grandè, fòs, ak kapasite pou li jere tout bagay. Se Li ki mèt tout sa ki egziste, epi se Li kap dirije yo jan l vle.

As-Sami' (السَّمِيعُ): Sa ki tande tout bagay la.

"Se Li menm ki tande tout son ki ka tande, kit yo di yo an sekre, kit yo di yo byen fò. Li tande lapriye sèvitèl yo epi Li tande jan yap sipliyè li ak imilite.

As-Salam (السَّلَامُ): Sa ki bay lapè a (Sa ki pafè a).

Se Li menm ki pa gen okenn defo, ki pa gen okenn mank, epi ki delivre anba tout sa ki mal.

Al-Basir (الْبَصِيرُ): Sa ki wè tout bagay la.

Se Li menm ki wè tout sa ki egziste, menm sa ki pi piti oswa ki kache anpil. Se Li ki gen klète sou tout bagay, Li konnen yo nan fon kè yo, epi anyen pa ka kache devan zye li.

Al-Wakil (الوكيل): Sa kap veye sou nou an (Moun nou mèt fè konfyans lan).

"Se Li menm ki garanti pwovizyon pou tout kreyati li yo, epi kap okipe enterè yo nan tout sa yap fè. Se Li menm ki pran responsablite pou moun ki renmen li yo ; Li rann lavi a fasil pou yo, epi Li regle tout afè yo pou yo."

Al-Khaliq (الخالق): Kreyatè a.

"Se Li menm ki fè tout bagay parèt epi ki envante yo san pa te gen anyen ki te egziste anvan yo pou li te pran modèl sou yo."

Al-Latif (اللطيف): Sa ki aji ak dousè a (Sa ki gen bon kè a).

"Se Li menm ki onore sèvitè li yo, Li gen pitye pou yo, epi Li ba yo sa yo mandel (sa ki nan kè yo).

Al-Kafi (الكافي): Sa ki ase a (Sa ki bay tout satisfaksyon an).

"Se Li menm ki bay sèvitè li yo tou sa yo bezwen nèt; se Li menm ki lè Li ede yon moun, moun sa a pa bezwen sekou pèsonn lòt ankò, epi lè yon moun genyen li, li pa bezwen anyen nan men pèsonn lòt.

Al-Ghafour (الغفور): Sa ki konn padone anpil la.

"Se Li menm ki pwoteje sèvitè li yo kont malgre (konsekans) peche yo fè, epi ki pa pini yo pou peche sa yo.

Pwofèt mwen an Muhammad, ke lapè ak benediksyon Allah sou li.

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿لَقَدْ جَاءَكُمْ رَسُولٌ مِنْ أَنْفُسِكُمْ عَزِيزٌ عَلَيْهِ مَا عَنِتُّمْ حَرِيصٌ عَلَيْكُمْ بِالْمُؤْمِنِينَ
رَءُوفٌ رَحِيمٌ﴾

Anverite, gen yon Mesaje ki soti pami nou menm menm ki vin jwenn nou. Sa fè li mal anpil (sa peze l) lèl wè nap souffri nan tray. Li vle ak tout kèl pou nou jwenn sa ki bon, epi li gen anpil dousè ak anpil pitye pou moun ki kwè yo. se vèsè 128 nan Sourat At-Tawbah

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿وَمَا أَرْسَلْنَاكَ إِلَّا رَحْمَةً لِّلْعَالَمِينَ﴾

Nou pat voye ou (õ Muhamad), sinon pou ou te ka yon mizèrikòd (yon kado ak yon pitye) pou tout sa ki egziste nan linivè a. se vèsè 107 nan Sourat Al-Anbiya

Mouhammad, (ke lapè ak benediksyon Allah sou li), Mizèrikòd la ki se yon kado:

Li se Mouhammad pitit Abdoullah, pitit Abdoul-Mouttalib, pitit Hachim. Epi Hachim soti nan Qouraych, epi Qouraych soti pami Arab yo.

Manman li se te: Amina bint Wahb. Nouris li (madam ki te bal tete a) se te: Halima as-Sa'diyyah. Pwofèt la (lapè ak benediksyon Allah sou li) te marye ak onz (11) madanm, epi li mouri kite nèf (9) ladan yo vivan.

Pwofèt la (lapè ak benediksyon Allah sou li) te gen 7 pitit: 3 gason ak 4 fi. Gason yo se te: Al-Qasim, Abdoullah, ak Ibrahim. Fi yo se te: Zaynab, Ruqayyah, Oumm Koulthoum, ak Fatima.

Se yon obligasyon pou nou obeyil nan tou sa li bay lòd fè, pou nou kwè tout sa li di nou ki se laverite, pou nou evite tou sa li entèdi nou epi li voye jete lwen li, epi pou nou pa adore Allah okenn lòt fason sof jan li menm (Pwofèt la) te montre nou fè li.

Misyon li, ansanm ak misyon tout lòt pwofèt ki te la anvan li yo, se te rele moun pou yo adore Allah sèl, san yo pa ba li okenn asosye. Jan Allah ki gen anpil grandè a te di sa:

﴿وَمَا أَرْسَلْنَا مِنْ قَبْلِكَ مِنْ رَسُولٍ إِلَّا نُوحِي إِلَيْهِ أَنَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنَا فَاعْبُدُونِ﴾

Nou pa te voye okenn Mesaje anvan ou (Muhammad), san nou pat fè li konnen (pa revelasyon): 'Pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon apa Mwen menm, se poutèt sa, se Mwen menm sèl pou nou adore'. se vèsè 25 nan Sourat Al-Anbiya

Epi li menm (se pou lapè ak Benediksyon Allah kouvri li) se li ki dènye nan tout pwofèt yo ak tout mesaje yo, jan Allah ki gen tout pouvwa a te di sa:

﴿مَا كَانَ مُحَمَّدٌ أَبَا أَحَدٍ مِنْ رِجَالِكُمْ وَلَكِنْ رَسُولَ اللَّهِ وَخَاتَمَ النَّبِيِّينَ وَكَانَ اللَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمًا﴾

Muhammad pa papa okenn nan gason pami nou yo, men li se Mesaje Allah epi li se dènye pami tout pwofèt yo nèt. Epi Allah se Li menm ki konnen tout bagay byen pwòp. se vèsè 40 nan Sourat Al-Ahzab

Allah ki gen tout pouvwa a te voye li avèk relijyon Islam lan pou tout moun nèt (san wete pèsonn), jan Allah nan grandè Li te di sa:

﴿وَمَا أَرْسَلْنَاكَ إِلَّا كَافَّةً لِّلنَّاسِ بَشِيرًا وَنَذِيرًا وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ﴾

Nou pa te voye ou (Muhammad), sinon pou tout moun nèt, pou ou te ka pote bòn nouvèl (sou Paradi) epi pou ou te ka ba yo avètisman (sou Lanfè). Men, pifò moun pa konn sa. se vèsè 28 nan Sourat Saba

Epi li menm (ke lapè ak benediksyon Allah sou li) gen gwo dwa sou chak mizilman, tankou :

1- Kwè nan misyon li kòm pwofèt epi obeyi li.

"Kwè toutbon ke li se yon pwofèt, kwè nan verite li di yo, epi kwè ke tout lwa ak prensip (Charia) li pote yo pafè nèt (yo pa gen erè ladan yo). Sa mande tou pou nou obeyi li epi pou nou mache nan tras li. Jan Allah nan grandè Li te di sa:

﴿وَمَا يَنْطِقُ عَنِ الْهَوَىٰ * إِنْ هُوَ إِلَّا وَحْيٌ يُوحَىٰ﴾

Epi li pa janm pale dapre pwòp lide pal(oswa dapre dezi pal).

Sa li di a pa anyen lòt sinon yon revelasyon Allah voye ba li (poul transmèt). Sa se vèsè 3, 4 nan Sourat An-Najm

2- Obligasyon pou nou renmen li(Se pou lapè ak benediksyon Allah kouvri li) plis pase tout lòt moun.

"Se yon obligasyon pou nou renmen li (ke lapè ak benediksyon Allah rete sou li) epi pou nou mete

lanmou sa a anvan lanmou nou gen pou tèt pa nou, pou pitit nou, ak pou tout kreyati nèt. Sa lanmou sa a mande toutbon, se pou nou dakò ak fason Pwofèt la (Se pou benediksyon ak lapè Allah sou li) te konn viv (gidans li), pou nou obeyil nan sal bay lòd fè, epi pou nou rete lwen sa li entèdi nou.

3- Obligasyon pou respektel, potel sekou (soutnil), ba li anpil valè, epi onore li (Se pou lapè ak benediksyon Allah Toupwisan an kouvri li)

4- Lapriyè sou Pwofèt la (Ke la lapè ak benediksyon Allah sou li), sa vle di: fè lwanj pou li (Ke la lapè ak benediksyon Allah sou li), epi mande Allah pou Li elve non li epi ogmante grandè ak onè li. Pwofèt la (Ke la lapè ak benediksyon Allah sou li) te di:

(من صلى عليّ صلاة صلى الله عليه بها عشرا)

Nenpòt moun ki voye yon sèl salitasyon (priyè) sou mwen, Allah ap vide 10 benediksyon sou li pou sa. Rapòte pa Mouslim.

Pa fè lwanj pou mwen depase limit jan Kretyen yo te fè li pou pitit gason Maryam nan (Jezi). Mwen se sèlman yon sèvitè Allah ; kidonk, di pito: Sèvitè epi Mesaje Li.

(لا تطروني، كما أطرت النصارى ابن مريم، فإنما أنا عبده، فقولوا عبد الله،
ورسوله) رواه البخاري.

« Pa fè lwanj pou mwen ak egzajerasyon, menm jan kretyen yo te fè lwanj pou pitit Mari a (Jezi). Mwen

se sèlman yon sèvitè Allah ; kidonk, di: Sèvitè Allah ak Mesaje Li. »

(Se al-Bukhari ki rapòte li)

Pami kalite li, (ke lapè ak benediksyon Allah sou li):

Verite, Konpasyon, Tolerans, Pasyans, Kouraj, Jenerozite, Bon karaktè, Jistis, Imilite, Padon.

« Koran ki Noble a se pawòl Seyè mwen an.

»

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿ يَا أَيُّهَا النَّاسُ قَدْ جَاءَكُمْ بِرَهَانٍ مِنْ رَبِّكُمْ وَأَنْزَلْنَا إِلَيْكُمْ نُورًا مُبِينًا ﴾

« O nou menm moun! Yon prèv klè soti nan men Seyè nou an rive jwenn nou deja, epi Nou desann yon limyè ki klè (Koran an) pou nou. » se vèsè 174 nan Sourat An-Nisa

Koran ki sen an se pawòl Allah (sila ki Pi Wo a). Li te pale li tout bon vre, epi Li te desann li sou Pwofèt Li a, Muhammad (Se pou lapè ak Benediksyon Allah kouvri li), pou li ka fè moun yo soti nan fènwa poul mennen yo nan limyè, epi pou li gide yo sou chemen ki dwat la. Moun ki li li ap jwenn yon gwo rekonpans, epi moun ki mache dapre gidans li ap mache sou chemen ki dwat la. Epi, bò kote Abdullah ibn Mas'oud (Ke Allah satisfè de li), li te di: Mesaje Allah a (ke lapè ak benediksyon Allah sou li) te di:

﴿ مَنْ قَرَأَ حَرْفًا مِنْ كِتَابِ اللَّهِ فَلَهُ بِهِ حَسَنَةٌ، وَالحَسَنَةُ بِعَشْرِ أَمْثَالِهَا، لَا أَقُولُ ﴿الْم﴾ حَرْفٌ، وَلَكِنْ أَلِفٌ حَرْفٌ، وَلَاَمٌ حَرْفٌ، وَمِيمٌ حَرْفٌ ﴾

Moun ki li yon sèl lèt nan Liv Allah a (Koran an), lap jwenn yon bon aksyon (rekonpans) pou sa, epi chak bon aksyon miltipliye pa 10. Mwen pa di "Alif-Lam-Mim" se yon sèl lèt, men Alif se yon lèt, Lam se yon lèt, epi Mim se yon lèt. Se At-Tirmidhi ki rapòte li.

Allah ki Granmèt la te pwoteje li kont chanjman ak defòmasyon, epi li fè li tounen yon siy ki etènèl jiska jou Jijman an. Men sa Allah ki sen anpil la di:

﴿إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا الذِّكْرَ وَإِنَّا لَهُ لَحَافِظُونَ﴾

An verite, se Nou menm ki desann Rapèl la (Koran an), epi an verite, se Nou menm kap pwoteje li. se vèsè 9 nan Sourat Al-Hijr Kidonk, nenpòt moun ki pretann ke Koran an gen bagay ki manke ladanl oswa yo chanje li, se yon moun ki demanti Allah, Trèwo a ak Mesaje li a (se pou lapè ak benediksyon Allah sou li), epi ki sòti nan relijyon Islam.

Koran ki Nòb la gen ladan li tout sa ki te nan liv anvan yo, epi li ajoute plis ankò sou konesans konsènan Allah ak bon jan konpòtman pou nanm nan. Li konfime verite ki te nan liv sa yo, epi nan tan nap viv la, pa gen okenn liv ki soti nan Allah ki pi wo a ki obligatwa pou nou swiv, pou nou onore, pou nou adore nan lekti li, epi pou nou pratike, sof Koran ki Nòb la.

Relijyon mwen se Islam.

Relijyon an gen 3 nivo (degre): Islām (Soumisyon), Imān (Lafwa), ak -Ihsān (Pèfeksyon)

Premye nivo a: Islam

Islam vle di: Soumèt devan Allah nan rekonèt Inisite Li (Tawhid), obeyi tout lòd Li yo ak tout kè, epi pran distans nèt ak asosyasyon (Chirk) ansanm ak moun kap pratikèl yo.

Baz fondamantal Islam yo

Pwofèt la, (ke lapè ak benediksyon Allah sou li) te di:

(بُنِيَ الْإِسْلَامُ عَلَى خَمْسٍ، شَهَادَةِ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَأَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللَّهِ، وَإِقَامِ الصَّلَاةِ، وَإِيتَاءِ الزَّكَاةِ، وَصَوْمِ رَمَضَانَ، وَحَجِّ الْبَيْتِ)

« Islam bati sou 5 fondasyon: Temwaye ke pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon sof Allah epi Muhammad se Mesaje Allah, akonpli lapriyè (Salat), bay Lacharite bligatwa (Zakat), fè jèn nan mwa Ramadan, epi fè pelerinaj nan Kay la (Hadj). »

(Se Al-Bukhari ak Muslim ki rapòte li) Tout moun tonbe dakò sou li.

Pilye Islam yo se adorasyon ki obligatwa pou tout mizilman, epi Islam yon moun pa kòrèk si li pa kwè ke yo obligatwa epi li pa mete yo an pratik; paske Islam bati sou yo, se poutèt sa yo rele yo Pilye Islam yo.

Epi pilye sa yo (pilye Islam yo) se:

Premye Pilye a: Temwayaj ke pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon apa Allah, epi Muhammad se Mesaje Li

"Sa vle di rekonèt ak bouch ou epi kwè ak tout kè ou ke se Allah sèl ki gen dwa pou moun

adorel epi Muhammad se moun Allah chwazi pou pote mesaj Li a ban nou.

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿فَاعْلَمْ أَنَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ﴾

Se pou ou konnen ak sètitud ke pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon esepite Allah. (Sourat Muhammad, vèsè 19)

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿لَقَدْ جَاءَكُمْ رَسُولٌ مِّنْ أَنفُسِكُمْ عَزِيزٌ عَلَيْهِ مَا عَنِتُّمْ حَرِيصٌ عَلَيْكُمْ بِالْمُؤْمِنِينَ رَؤُوفٌ رَّحِيمٌ﴾

Anverite, gen yon Mesaje ki soti pami nou menm menm ki vin jwenn nou. Sa fè li mal anpil (sa peze l) lèl wè nap souffri nan tray. Li vle ak tout kèl pou nou jwenn sa ki bon, epi li gen anpil dousè ak anpil pitye pou moun ki kwè yo. se vèsè 128 nan Sourat At-Tawbah

Sans temwayaj "La ilaha illa Allah": Pa gen okenn lòt moun oswa bagay ki merite pou yo adorel toutbon vre apa Allah sèlman.

Siyifikasyon temwayaj ke Muhammad se Mesaje Allah se: obeyil nan sa li te kòmande, kwèl nan sa li te rapòte, evite sa li te entèdi ak defann, epi pou adorasyon Allah fèt sèlman dapre sa li eksplike nou.
Dezyèm pilye a: Se Pratiye Lapriye (Salat).

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿وَأَقِيمُوا الصَّلَاةَ﴾

Epi tabli lapriye a (kenbel fèm ak tout kondisyon li yo). [Al-Baqarah: 110].

Fè lapriyè a se akonpli li nan fason Allah ki anwo nan syèl la te preskril la, epi jan Mesaje Li a, Muhammad (Ke la lapè ak benediksyon Allah sou li), te anseye nou li a.

Twazyèm pilye a: Bay Zakat la (bay lacharite).

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿وَأَتُوا الزَّكَاةَ﴾

Epi bay Zakat la (bay pòv yo dwa yo genyen nan byen nou). [Al-Baqarah: 110].

Allah ki gen tout pouvwa a te rann Zakat la obligatwa pou li te ka teste si lafwa mizilman an sensè toutbon, pou mizilman an ka remèsye Mèt li pou tout byen ak richès Li ba li, epi pou li ka pote sekou bay pòv ak moun ki nan bezwen.

Epi, remèt Zakat la fèt lè ou bay li ak moun ki gen dwa resevwa li yo (moun ki meritel yo).

Zakat la se yon dwa ki obligatwa sou byen (richès) yon moun depi richès sa a rive nan yon nivo ki fiks (Nisab). Yo bay li ak 8 kategori moun Allah te site nan Koran an, pami yo nou jwenn moun ki pòv yo ak moun ki nan bezwen yo.

Epi nan akonplisman li, se yon fason pou moun nan montre li gen konpasyon ak kè sansib, li sèvi kòm yon netwayaj pou karaktè Mizilman an ak pou richès li, li fè kè pòv yo ak moun ki nan nesesite yo kontan, epi li ranfòse lyen lanmou ak fratènite nan mitan manm kominote Mizilman an. Se poutèt sa, Mizilman ki dwat la bay li ak tout kè li, epi li kontan

poul akonpli li, poutèt jan sa pote kontantman pou lòt moun.

Kantite Zakat pou byen (lajan) yon moun se 2.5% sou tout kòb li sere, sou lò, sou lajan (ajan), sou kòb an papyè (lajan kach), ak sou machandiz li genyen pou li vann pou li fè pwofi; depi valè byen sa yo rive nan yon nivo ki fiks (Nisab) epi yo pase yon ane konplè nan men moun nan.

Menm jan an tou, Zakat la obligatwa pou moun ki gen yon kantite bèt fèm byen fiks (tankou chamo, bèf, ak kabrit oswa mouton), depi bèt sa yo pase plis pase mwatye lanne a ap manje zèb nan savann san mèt yo pa bezwen achte manje ba yo

Menm jan an tou, Zakat la obligatwa sou sa ki soti anndan tè a, tankou Rikaz ; ki se trezò yo jwenn ki te antere depi nan tan lontan (anvan Islam), epi tou sou grenn rekòt (tankou diri, mayi), sou fwi, ak sou rèss mineral yo jwenn nan tè a; depi yo rive nan yon kantite ki fiks (Nisab).

Katriyèm Pilye a: Fè jèn nan mwa Ramadan

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا كُتِبَ عَلَيْكُمُ الصِّيَامُ كَمَا كُتِبَ عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ﴾

O nou menm ki gen lafwa! Yo rann jèn nan obligatwa pou nou, menm jan yo te rann li obligatwa pou moun ki te anvan nou yo, pou nou ka vin gen krentif pou Allah [Al-Baqarah: 110].

Ramadan se 9 mwa nan ane a dapre kalandriye Hijri a (kalandriye mizilman an). Se yon mwa ki sakre anpil pou tout mizilman, li gen yon valè espesyal ki depase tout lòt mwa nan lanne a, epi fè jèn pandan tout mwa sa a se youn nan senk (5) pilye Islam yo.

Fè jèn nan mwa Ramadan se: Adore Allah ki gen tout pouvwa a lè ou rete san ou pa manje, san ou pa bwè, san ou pa fè bagay ak madanm ou oswa mariw, epi evite tout lòt bagay ki ka gate jèn nan, depi lè douvanjou parèt (Fajr) jouk lè solèy la kouche (Maghrib), pandan tout jou ki nan mwa sakre Ramadan an.

Senkyèm Pilye a: Pèlerenaj nan Kay Senyè toupwisan an ki sakre a (Hajj).

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿وَلِلّٰهِ عَلَى النَّاسِ حِجُّ الْبَيْتِ مَنِ اسْتَطَاعَ اِلَيْهِ سَبِيْلًا﴾

Se yon devwa pou tout moun devan Allah pou yo fè pelerinaj nan Kay la (Kaaba), pou moun ki gen mwayen pou fè vwayaj la. [Sourat Al-Imran, vèsè 97]

Pèlerenaj la (Hajj) se pou moun ki gen mwayen pou fè vwayaj la, yon sèl fwa nan lavi yo. Li vle di: Dirijew ale nan Kay ki Sakre a (Ka'bah) ak nan lye sakre yo ki nan vil Lamèk, pouw ka fè kèk pratik adorasyon byen fiks, nan yon moman byen fiks nan lanne a. Pwofèt la (se pou Benediksyon ak lapè Allah kouvri li) te fè Hajj la, menm jan lòt pwofèt

anvan li yo te fèl tou. Allah te bay Pwofèt Ibrahim (Abraham) lòd pou li rele moun yo pou yo vin fè Hajj la, jan Allah te fè nou konnen sa nan Koran an kote Li te di:

﴿وَأَذِّنْ فِي النَّاسِ بِالْحَجِّ يَأْتُوكَ رِجَالًا وَعَلَى كُلِّ ضَامِرٍ يَأْتِينَ مِنْ كُلِّ فَجٍّ عَمِيقٍ﴾

Epi, anonse bay tout moun pou yo vin fè Pèlerenaj la (Hajj). Yap vin jwenn ou apye, epi yap monte sou tout kalite bèt moun ka vwayage, yap soti nan tout chimen ki lwen anpil. se vèsè 27 nan Sourat Al-Hajj

Dezyèm Nivo a: Lafwa (L-Imān)

Lafwa se: Aksepte ak bouch ou, gen yon konviksyon total san dout nan kè ou, epi rekonèt nèt ale tout sa Allah ak Mesaje Li a te bay lòd pou nou kwè yo. Se soumèt tèt ou devan Mèt linivèa ni nan sa ki parèt deyò (aksyon w), ni nan sa ki anndan w (nan fon kè w). Kidonk, lafwa se konviksyon kè a ki mache ansanm ak travay kè a ak travay kò a. Sa gen ladan li pratike relijyon an nèt ale; lafwa a grandi lèw obeyi Allah, epi li diminye lèw fè peche.

Pilye Lafwa (Iman) yo

Lè yo te poze Pwofèt la, (ke lapè ak benediksyon Allah sou li) kesyon sou 'Lafwa' (Al-Iman), li te di:

(أَنْ تُوْمَنَ بِاللّٰهِ وَمَلَائِكَتِهِ وَكُتُبِهِ وَرُسُلِهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَتُؤْمَنَ بِالْقَدْرِ خَيْرِهِ وَشَرِّهِ).

Pou ou kwè nan Allah, ak nan zanj Li yo, ak nan Liv Li yo, ak nan mesaje Li yo, ak nan Jou Dènnye a, epi pou ou kwè nan Desten an, kit li bon kit li move.

Pilye Lafwa yo se adorasyon ki fèt nan kè ki obligatwa pou chak Mizilman, epi Islam yon moun pa ka valab si li pa kwè nan yo epi li pa aji dapre sa yo egzije; se poutèt sa yo rele yo Pilye Lafwa. Diferans ki genyen ant pilye lafwa ak Pilye Islam yo sèke: poto Islam yo se aksyon vizib yon moun akonpli ak rès kò li, tankou pwononse 2 temwayaj yo, fè lapriyè a, epi bay lacharite ki obligatwa a (Zakat); tandiske poto Lafwa yo se aksyon ki fèt nan kè, ke yon moun akonpli ak kè li, tankou: kwè nan Allah, nan Zanj Li yo, nan Liv Li yo, epi nan Mesaje Li yo.

Premye Pilye a: Kwè nan Allah (Al-Iman billah).

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿ إِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ الَّذِينَ آمَنُوا بِاللَّهِ ﴾

Anverite, kwayan yo (moun ki gen lafwa yo) se sèlman moun ki kwè nan Allah. [Sourat An-Nour: 62].

Nou kwè Allah egziste toutbon vre, epi nou gen konviksyon Li se sèl Mèt , Li se sèl ki merite adorasyon (Inite nan Adorasyon), epi Li se sèl ki gen Non ak Kalite ki pafè (Inite nan Non ak Kalite Li yo). Kidonk, lafwa nan Allah gen pwèn sa yo ladan li:

Lafwa nan egzistans Allah ki anwo nan syèl la.

Se pou nou kwè nan souvrenete Allah ,lwanj pou li, Li wo anpil ,epi rekonèt se Li menm sèl ki mèt tout

bagay, se Li ki kreye yo, se Li ki ba yo manje (bay pwovizyon), epi se Li kap jere tout afè yo nan linivè a.

Kwè nan Divinite li (glwa pou li), epi ke se li menm sèl ki merite adorasyon an, san li pa gen asosye nan anyen ladanl: tankou lapriyè, demann, pwomès, ofrann bèt, demann sekou, demann pwoteksyon, ak tout lòt kalite adorasyon yo.

Se pou nou kwè nan bèl Non Allah yo ak nan Kalite ki wo anpil Li genyen yo, sa Li te konfime pou tèt Li nan Koran an oswa sa Pwofèt Li te konfime pou Li. Konsa tou, nou dwe voye jete (nye) tout sa Allah te di Li pa genyen oswa sa Pwofèt la te di Allah pa genyen. Nou dwe kwè ke Non Li yo ak Kalite Li yo rive nan nivo ki pi wo nan pèfeksyon ak bèlte; epi anyen pa sanble ak Li, se Li menm ki tande tout bagay epi ki wè tout bagay.

Dezyèm Pilye: Lafwa nan zanj yo.

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿الْحَمْدُ لِلَّهِ فَاطِرِ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ جَاعِلِ الْمَلَائِكَةِ رُسُلًا أُولِي أَجْنَحٍ مِثْلَى
وُثُلَاتٍ وَرَبَّاعٍ يَرِيدُ فِي الْخَلْقِ مَا يَشَاءُ إِنَّ اللَّهَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ﴾

Tout lwanj (remèsiman ak glwa) se pou Allah, li menm ki kreye syèl yo ak latè, ki fè zanj yo tounen mesajè ki gen zèl 2 pa 2, 3 pa 3, ak 4 pa 4. Li ajoute nan kreyasyon an sa li vle. Sètènman, Allah gen pouvwa sou tout bagay. se premye 1 vèsè nan Sourat Fatir

Nou kwè zanj yo soti nan yon mond envizib, epi yo se sèvitè Allah, Li kreye yo ak limyè, epi Li fè yo obeyisan ak soumèt devan Li.

Yo se kreyati ki gen anpil grandè, se sèlman Allah Granmèt la ki konnen fòs yo ak kantite yo ye. Epi chak nan yo gen deskripsyon, non, ak travay ke Allah Granmèt la ba yo spesyalman. Pami yo, gen Jibril (lapè sou li), ki responsab Revelasyon an, li potel desann soti bò kote Allah Granmèt la bay mesaj Li yo.

Twazyèm pilye a: Kwè nan Liv yo

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿قُولُوا آمَنَّا بِاللَّهِ وَمَا أُنْزِلَ إِلَيْنَا وَمَا أُنْزِلَ إِلَىٰ إِبْرَاهِيمَ وَإِسْمَاعِيلَ وَإِسْحَاقَ وَيَعْقُوبَ وَالْأَسْبَاطِ وَمَا أُوتِيَ مُوسَىٰ وَعِيسَىٰ وَمَا أُوتِيَ النَّبِيُّونَ مِنْ رَبِّهِمْ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ مِنْهُمْ وَنَحْنُ لَهُ مُسْلِمُونَ﴾

Di: "Nou kwè nan Allah, nan sa ki te desann sou nou, nan sa ki te desann sou Abraram, Ismayèl, Izarak, Jakòb ak douz branch fanmi yo, nan sa Moyiz ak Jezi te resevwa, ak nan sa tout pwofèt yo te resevwa nan men Seyè yo a. Nou pa fè okenn diferans ant yo menm, epi se devan Li menm sèlman nou soumèt nou (nou se Mizilman)." [Al-Baqarah: 136].

Nou kwè ke Allah te voye liv desann bay mesaj Li yo, kòm yon prèv kont tout kreyati yo epi yon chemen klè pou moun kap Pratike yo.

Yo sèvi ak liv sa yo pou anseye yo (moun yo) sajès la epi pou yo netwaye nanm yo (pirifye yo).

Epi Allah (glwa pou li), lèl te voye pwofèt li a Mouhammad (ke lapè ak benediksyon Allah kouvri li) bay tout moun nèt, li te ranplase tout lòt lwa ki te la anvan yo ak lalwa pal la, epi li te fè Koran ki Sen an domine sou tout lòt Liv selès yo epi ranplase yo. Allah te garanti lap pwoteje Koran ki Sen an kont nenpòt chanjman oswa falsifikasyon, epi Li menm ki Anwo a di:

﴿إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا الذِّكْرَ وَإِنَّا لَهُ لَحَافِظُونَ﴾

Se Nou menm toutbon vre ki desann Rappèl la (Koran an), epi se Nou menm kap pwoteje li (pou anyen pa chanje ladan li). se vèsè 9 nan Sourat Al-Hij Paske Koran an se dènye liv Allah voye pou limanite, epi pwofèt li a Muhammad (benediksyon ak lapè Allah sou li) se dènye nan mesaj yo, epi relijyon Islam se relijyon Allah chwazi pou limanite a jiska jou jijman an. Allah ki gen tout pouvwa a di:

﴿إِنَّ الدِّينَ عِنْدَ اللَّهِ الْإِسْلَامُ﴾

Se vre wi, sèl relijyon (fason poun viv ak adore) ki valab devan Allah, se Islam. (Sourat Al-Imran:19)

Epi, Liv selès yo (Liv ki soti nan syèl la) Allah senyè toupwisan an mansyone nan Liv li a se:

Koran ki Sen an: Allah te voye li desann sou pwofèt li a, Mouhammad (benediksyon ak lapè Allah sou li).

Tora a: Allah te voye desann sou pwofèt li a Moyiz (lapè sou li).

Evanjil la (Al-Injil): Allah te voye desann li sou pwofèt li a 'Issa (Jezi) -ke lapè Allah sou li.

Zabou a(Sòm): Se Allah ki te fè li desann sou pwofèt li a Daoud (David) -ke lapè Allah sou li.

Ekriti Abraham yo: Allah te voye yo bay pwofèt li a, Abraham (ke lapè ak benediksyon Allah sou li).

Katriyèm Pilye: Kwè nan Mesaje Allah yo (Al-Iman bir-Rusul)

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿وَلَقَدْ بَعَثْنَا فِي كُلِّ أُمَّةٍ رَسُولًا أَنِ اعْبُدُوا اللَّهَ وَاجْتَنِبُوا الطَّاغُوتَ﴾

Anverite nou te voye yon Mesaje nan chak nasyon pou di: Adore Allah epi evite fo divinite a. Sourat An-Nahl (vèsè 36)

Nou kwè ke Allah te voye mesaje bay kreyati li yo pou rele yo pou yo adore Allah sèlman, san ba li okenn asosye, epi pou yo rejte sa moun ap adore nan plas Li.

Epi, yo tout se moun, se gason yo te ye, sèvitè Allah; yo se moun ki di laverite e ki sètifye, moun ki gen pyete e ki onèt, epi yo se gid ki te jwenn gidans. Allah te soutni yo ak siy ki te montre verite yo t ap di a, epi yo te transmèt tout sa Allah te voye yo pote a. Epi yo tout nèt te kanpe sou laverite ki klè a, ak gidans ki evidan an.

Mesaj (Dawah) tout pwofèt yo, depi premye a jouk dènye a, te tonbe dakò sou yon sèl baz pou relijyon an: ki se bay Allah lwanj pou Li, Li wo anpil

,sèl dwa nan adorasyon an, epi pa janm mete anyen ak Li .

Senkyèm Pilye: Kwè nan Dènye jou a

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿ اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ لَنَجْمَعَنَّكُمْ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ لَا رَيْبَ فِيهِ وَمَنْ أَصْدَقُ مِنَ اللَّهِ حَدِيثًا ﴾

Allah! Pa gen lòt dye ki merite adorasyon sof li menm. Se sèten, lap rasanble nou tout nan jou Rezirèksyon an, pa gen okenn dout sou sa. Epi, kiyès ki gen pawòl ki pi veridik pase pawòl Allah? [Sourat An-Nisa: 87].

Nou kwè nan Jou Dènye a, ki se Jou Rezirèksyon an (Yawm al-Qiyamah), jou ki pap gen okenn lòt jou aprè li ankò. Nou gen konviksyon nan tout sa ki gen rapò ak jou sa a, jan Mèt nou an lwanj pou Li, Li wo anpil la te fè nou konnen sa nan Liv sakre Li a (Koran an), oswa jan Pwofèt nou an te rakonte nou sa. Sa gen ladan li: lanmò yon moun, leve soti nan lanmò rasanbleman an ,entèsèsyon an ,balans lan (Al-Mizan), jijman an , Paradi ak Lanfè, ansanm ak tout lòt bagay ki gen rapò ak Jou Dènye a.

Sizyèm Pilye: Lafwa nan Predestinasyon, kit li bon kit li move

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿ إِنَّا كُلَّ شَيْءٍ خَلَقْنَاهُ بِقَدَرٍ ﴾

Anverite, tout sa nou kreye, nou kreye yo ak yon mezi ki byen kalkile (yon desten). (Sourat Al-Qamar, vèsè 49)

Nou kwè nan Predestinasyon (Al-Qadr), kit li bon kit li move, ki se fason Allah Granmèt la planifye tout sa kap egziste nan kreyasyon an daprè konesans li ki te la anvan tout bagay ak jan sajès li mande sa. Epi nou kwè ke tout sa ki rive kreyati yo kòm evènman nan mond sa a fèt anba konesans Allah Granmèt la ak Predestinasyon li, ak planifikasyon Li menm sèl ki pa gen okenn asosye. Epi nou kwè ke desten sa yo te deja ekri anvan kreyasyon lòm; epi nou kwè ke lòm genyen yon volonte, epi se li menm toutbon ki fè aksyon li yo; men tout bagay sa yo pa fèt andeyò konesans Allah ak volonte Li.

Lafwa nan dekrè divin an (desten an) chita sou 4 fondman:

Premyèmman: Kwè nan konesans Allah ki total epi ki anbrase tout bagay nèt.

Dezyèm: Kwè ke Allah te ekri tout sa ki gen pou rive jouk jou jijman an rive.

Twazyèmman: Kwè nan volonte Allah ki gen pouvwa pou egzekite tout sa Li vle, ak nan pouvwa Li ki total nèt; konsa, sa Li vle rive, li fèt, epi sa Li pa vle pa rive, li pa fèt.

Katriyèmman: Kwè ke se Allah ki Kreyatè tout bagay, pa gen asosye avè li nan kreyasyon li.

Twazyèm Nivo a: Pèfeksyon an

Pèfeksyon an, li se: Se adore Allah kòm si ou tap wè li, paske menm si ou pa wè li, li menm li wè ou. Sila a ki Pi Wo a di

﴿إِنَّ اللَّهَ مَعَ الَّذِينَ اتَّقَوْا وَالَّذِينَ هُمْ مُحْسِنُونَ﴾

Anverite, Allah kanpe ak moun ki gen krentif pou li yo, epi ak moun kap fè byen yo. [An-Nahl: 128].

Pirifikasyonw, pwòpte nan nivo relijye.

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ التَّوَّابِينَ وَيُحِبُّ الْمُتَطَهِّرِينَ﴾

Sètènman, Allah renmen moun ki toujou ap repanti yo, epi Li renmen moun ki kenbe tèt yo pwòp. [Al-Baqarah: 22].

Pwofèt la, (ke lapè ak benediksyon Allah sou li) te di:

(مَنْ تَوَضَّأَ نَحْوَ وُضُوئِي هَذَا، ثُمَّ صَلَّى رَكْعَتَيْنِ لَا يُحَدِّثُ فِيهِمَا نَفْسَهُ، غُفِرَ اللَّهُ لَهُ مَا تَقَدَّمَ مِنْ ذَنْبِهِ)

(Moun ki fè woudou menm jan ak woudou sa a, après li fè 2 'Rakat ' san li pa kite lespri li distrè ladan yo, Allah padone li pou tout peche li te fè anvan yo.) Se Al-Boukari ki rapòte li.

Pami grandè estati lapriyè a, sèke Allah preskri pirifikasyon anvan li, epi Li fè li tounen yon kondisyon pou valide li. Li se kle lapriyè a, epi lè yon moun reyalize vèti li, sa fè kè a anvi poul

akonpli lapriyè a. Pwofèt la (se pou lapè ak benediksyon Allah sou li) di:

(الطُّهُورُ شَطْرُ الْإِيمَانِ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ تَمْلَأُ الْمِيزَانَ، وَسُبْحَانَ اللَّهِ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ تَمْلَأُنِ
-أَوْ تَمْلَأُ- مَا بَيْنَ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ، وَالصَّلَاةُ نُورٌ، وَالصَّدَقَةُ بُرْهَانٌ، وَالصَّبْرُ
ضِيَاءٌ، وَالْقُرْآنُ حُجَّةٌ لَكَ، أَوْ عَلَيْكَ، كُلُّ النَّاسِ يَعُدُّو قَبَائِعَ نَفْسِهِ فَمَعَيْهَا، أَوْ
مُوبِقُهَا)

Pirifikasyon se mwatye nan lafwa. "Al-Hamdulillah" (Lwanj pou Allah) plen balans lan. "SubhanAllah" (Glwa pou Allah) ak "Al-Hamdulillah" plen espas ki genyen ant syèl la ak tè a. Lapriyè se yon limyè . Bay Lacharite se yon prèv ki montre lafwa w. Pasyans se yon klète (ki chofo). Koran an se yon agiman pou defann ou, oubyen yon agiman kont ou. Chak moun leve chak maten pou yo soti, yo vann nanm yo: genyen ki delivre li(nan obeyi Allah), epi genyen ki detwil (nan peche). Rapòte pa Mouslim.

Epi li te di (ke lapè ak benediksyon Allah sou li):
(من تَوَضَّأَ فَأَحْسَنَ الْوُضُوءَ خَرَجَتْ خَطَايَاهُ مِنْ جَسَدِهِ حَتَّى تَخْرُجَ مِنْ تَحْتِ
أَظْفَارِهِ)

(Moun ki fè woudou (pirifikasyon) li epi fèl byen fèt, peche li yo soti nan kò li, jiskaske yo soti anba zong li yo.) Rapòte pa Mouslim.

Konsa, sèvitè a vini devan Mèt li a, kò li pirifye pa mwayen woudou, epi lespri li pirifye lè li ap akonpli sèvis adorasyon sa a, avèk senserite pou Allah (ki pi wo a), epi pandan lap swiv gidans Pwofèt la (lapè ak benediksyon Allah sou li).

Sa ki rann Woudou (dlo) a obligatwa:

1- Lapriyè an jeneral, kit se yon lapriyè obligatwa oswa yon lapriyè volontè.

2-Reyalize 7 virewon Kaba a (Tawaf).

3- Touche Koran an.

Mwen akonpli rityèl pirifikasyon mwen sèlman ak dlo ki absoliman pi, sa vle di dlo ki nan eta natirèl li epi ki gen pouvwa pou pirifye tout sa li touche

Dlo ki pur la se: tout dlo ki soti nan syèl la oswa ki soti anba tè epi ki rete nan eta orijinal li, san youn nan twa karakteristik li yo pa chanje

ki se koulè, gou ak odè pa mwayen yon bagay ki retire kapasite pirifikasyon li.

Ablisyon an (Woudou)

Etap 1: Entansyon an, plas li se nan kè a, epi siyifikasyon Entansyon an se: rezolisyon fèm kè a pou adore pou ka pwoche pi prè Allah, Sila a ki Elve a.

Dezyèm etap : Mwen kòmanse nan pwononse : "Bismillah" (Nan non Allah).

3- Lave 2 pla menw yo, 3 fwa.

4- Rense bouch ou, 3 fwa.

Rense bouch la se: mete dlo nan bouch la epi brase li ladan l, après, voyel soti.

Etap 5: Rale dlo nan nen ou, après souffle li soti 3 fwa. Rale dlo nan nen w: sa vle di ou rale dlo a ak souf ou pou li monte jis nan fon nen w.

Al-Istinthar (الاستنثار): Se aksyon pou mete deyò tout sa ki nan nen an (tankou kras oswa glè) nan rale souf epi souflel ak fòs

6- Lave figiw 3 fwa.

Limit Vizaj la

Vizaj (Al-Wajh): Se pati nan kò a ki pèmèt moun kominike fas-a-fas (Al-Muwajahah).

Limit vizaj la nan sans lajè li: Li soti depi nan yon zòrèy rive nan lòt zòrèy la.

Limit vizaj la nan sans wotè: Li soti depi nan rasin cheve nan fwon an (kote yo soti nòmalmant) desann jouk nan pwent manton an.

Lave vizaj la dwe gen ladan li tout ti pwal (cheve fen) ki sou li yo, ansanm ak espas blan ki ant bab la ak zòrèy la ak pati bab ki sou kote machwè a.

Espas blan an se: Ti zòn ki san cheve ki separe pati bab bò machwè a ak pwent zòrèy la.

Al-Idhar (العدار) se: Pwal (oswa pati nan bab la) ki pouse sou zo ki depase a zo machwè a, ki paralèl ak twou zòrèy la epi ki antre bò kote tèt la, ansanm ak pati ki desann anba li jouk nan pwent zòrèy la

Menm jan an tou, lave figi a gen ladan li tout pati ki parèt nan bab ki toufoun lan, ansanm ak sa ki depase desann nan.

Etap 7: Li lave 2 men li yo, kòmanse depi nan bout dwèt li yo rive nan koud li yo, 3 fwa.

Epi 2 koud yo antre nan lave 2 men yo ki obligatwa a.

8- Li siye tout tèt li ak 2 zòrèy li yo ak 2 men li yo yon sèl fwa.

Li kòmanse nan pati devan tèt li (fwon an), li glise de men li yo jouk nan nivo kou li (nuque), epi après, li fè 2 men yo tounen nan plas kote li te kòmanse a.

Epi li mete 2 dwèt endèks li yo nan zòrèy li yo, epi li pase 2 pous li yo sou deyò zòrèy li yo; konsa li siye deyò zòrèy yo ak anndan yo.

Etap 9: Lave 2 pye yo soti nan pwent zòtèy yo rive jis nan zo jwenti pye yo, 3 fwa, epi zo jwenti pye yo antre nan lave pye yo ki obligatwa a.

Zo jwenti pye yo se: 2 zo ki pouse deyò nan pati anba janm nan.

Etap 10: Li rekòmande pou yon Mizilman di aprè li fin fè woudou: "Mwen temwaye pa gen okenn divininite eksepte Allah, Li menm sèl, san okenn asosye, epi mwen temwaye ke Muhammad se sèvitè Li ak mesaje Li. O Allah, fè mwen pami moun ki toujou repanti yo, epi fèm pami moun ki toujou pirifye tèt yo" paske Pwofèt la ﷺ te di: (Moun ki fè woudou epi li fè li byen fèt, epi après li di: Mwen temwaye pa gen okenn divininite eksepte Allah, Li menm sèl, san okenn asosye, epi mwen temwaye ke Muhammad se sèvitè Li ak mesaje Li. O Allah, fè m pami moun ki toujou repanti yo, epi fè m pami moun ki toujou pirifye tèt yo, yuit pòt Paradi yo ap louvri pou li, l ap antre nan kiyès nan yo li vle) Rapòte pa Tirmidhi.

Woudou a anile ak bagay sa yo:

1- Tout sa ki soti nan 2 vwa natirèl yo (devan ak dèyè), tankou pipi, matyè fekal (poupou), van, spèm ak madhi (likid prefekatwa). »

Pèdi kontwòl konsyans la, kit se pa yon dòmi pwofon, yon pèdi konesans, eta souvren, oswa foli.

3- Tout bagay ki fè yon moun dwe benyen nèt, tankou gwo salte, règ, ak san aprè akouchman.

Lè yon moun fin fè bezwen natirèl li, li obligatwa pou li retire salte a. Li ka fè sa swa ak dlo ki gen pouvwa pou li pirifye epi sa se pi bon fason an, oubyen ak lòt bagay ki pa dlo men ki ka retire salte a, tankou ròch, papyè, twal, oswa lòt materyèl konsa. Sepandan, sa dwe fèt ak omwen 3 pas ki netwaye zòn nan nèt, epi ak yon materyèl ki pwòp (Tahir) e ki pèmèt (Mubah).

Pase men sou Chosèt ak Soulye

Nan ka yon moun mete soulye an kwi oswa chosèt, li posib pou li pase men mouye sou yo san li pa bezwen lave pye yo, avèk kondisyon sa yo:

1- Pou li mete yo aprè li fin fè pirifikasyon an byen fèt, pou li pa gen ni gran salte ni ti salte sou li.

2- Ke yo tou 2 pirifye, san salte.

3- Se pou aksyon pase saa fèt nan delè tan Lalwa (Charia) fikse pou sa a.

4- Chosèt yo oswa soulye yo dwe gen yon orijin ki pèmèt (Halal); sa vle di yo pa dwe vòlè (Masrouq)

oswa yo pa dwe pran nan men moun ak fòs (Maghsoub).

« Al-Khuff (الخف) : Se sa yon moun mete nan pyel ki fèt ak kwi fen oswa lòt materyèl konsa, tankou soulye oswa bòt ki kouvri pye yo nèt.

Al-Jawrab (الجورب) : Se sa yon moun mete nan pye li ki fèt ak twal oswa lòt materyèl konsa, tankou sa yo rele chosèt (Chebab). »

Rezon prensipal ki fè Allah pèmèt yon mizilman sèlman pase men li ak dlo sou bòt li (oswa chosèt li), se pou rann lavi nou pi senp epi retire chay sou do nou. Islam se yon relijyon ki chèche fasilite moun ki ta jwenn difikilte pou yo wete soulye yo pou yo lave pye yo, sitou nan moman kote fè gwo frèt (tan livè) oswa lè yon moun nan vwayaj."

Konbyen tan ou gen dwa pase men mouye sou chosèt ou: Pou moun ki rete lakay li : Se yon jou ak yon nwit (24 èdtan). Pou moun kap vwayaje (mousafir): Se 3 jou ak 3 nwit (72 èdtan).

Tan pou nou kòmanse konte peryòd pèmisyon poun pase dlo sou bòt oswa sou chosèt la, li kòmanse depi premye fwa ou fè premye "Mas-h" (pase dlo a) aprèw fin pèdi Woudou w.

Fason pou moun pase men mouye sou sa ki pye an po oswa sou chosèt:

1. Mouye 2 men yo.

2. Li pase men an sou tèt pye a (soti nan pwent zòtèy yo rive jis nan kòmansman janm nan).

3. Li siye pye dwat la ak men dwat la, epi li siye pye gòch la ak men gòch la.

Bagay ki kraze pèmision pouw pase men mouye sou chosèt:

1- Bagay ki fè yon moun dwe benyen nèt.

2- Lè tan limit pou w fè mas-h la fini.

Benyen nèt, konplètman

Si yon gason ak yon fanm fè relasyon seksyèl, menm si yo pa ejakile, oswa si youn nan yo ejakile avèk anvi pandan li pa dòmi, oswa si li ejakile pandan lap dòmi; li obligatwa pou yo tou 2 benyen pou yo ka fè priyè oswa nenpòt lòt bagay ki mande pou moun nan pirifye. Konsa tou, pou yon fanm, lè li vin pwòp aprè règ li ak san aprè akouchman, se yon devwa pou li benyen anvan li ka fè lapriyè oswa sa ki mande pirifikasyon.

Kijan pou ou fè gwo ablasyon nèt:

Yon mizilman dwe pase dlo sou tout kò li nèt, kèlkeswa fason li fè sa. Sa gen ladan li : rense bouch li , ak rale dlo nan nen li . Depi dlo a fin touche chak pati nan kò li, eta "janabah" oswa gwo salte esprityèl la fini, epi pwòpte li vin konplè

Epi genyen yon lòt fason ki pi konplè, se sa Pwofèt la (ke lapè ak benediksyon Allah sou li) te konn pratike a, epi li se jan sa a:

01. Entansyon pou wete salte esprityèl la

02- Di Bismillah, lave 2 menw yo 3 fwa, aprè sa lave pati privew.

03- Woudou konplè, menm jan Mizilman an fèl pou lapriyè.

4- Vide dlo sou tèt la 3 fwa, pou ou ka byen mouye rasin cheve yo.

05- Fè dlo a pase sou tout kò a, epi li kòmanse lave bò dwat kò a anvan, apre sa bò gòch la, pandan lap fwote ak men li poul asire dlo a rive nan tout pati nan kò a.

Sa yon moun ki poko "benyen nèt" pa gen dwa fè
1-Lapriyè.

2- Tawaf Kaaba a.

3-Rete nan moske a, epi li gen dwa pou li pase sèlman, san rete.

4- Manyen kouvèti oswa paj koran an (Moushaf).

5- Lekti Coran an.

At-Tayammum (التييم). Nan langaj nou, nou ka rele: "Lave kò w ak pousyè tè" lè pa gen dlo

Si yon mizilman pa jwenn dlo, oswa li pa kapab sèvi avè l akòz yon maladi oswa yon lòt ka ki sanble avèl, epi li pè pou lè lapriyè a soti, li dwe fè tayammoum ak tè.

Fason pou fèl la se: li frape tè a ak men li yon sèl fwa, après, li mase figi li ansanm ak 2 men li yo sèlman. Epi, ak kondisyon fòk tè a pwòp.

Tayammoum nan anile ak bagay sa yo:

1. Sa ki gate Woudou, gate Tayammoum tou

"Tout sa ki ka gate yon Woudou nòm (lèw sèvi ak dlo), se menm bagay sa yo tou kap gate Tayammum lan (lè w sèvi ak pousyè tè).

2-Si yon moun jwenn dlo anvan li menm kòmanse fè adorasyon li te fè Tayammum lan pou li a (tankou lapriyè), Tayammum sa a kase touswit. Li oblije al sèvi ak dlo a pito.

Lapriyè (As-Salat)

Bondye mete yon obligasyon sou chak mizilman pou li fè 5 priyè (Salat) pandan jounen an ak lannwit lan. Priyè sa yo se: Fajr, Dhuh, Asr, Maghrib, ak Isha.

Preparasyon pou lapriyè a

Depi lè pou yon priyè rive, yon mizilman dwe asire li kò li pwòp nèt. Si li te sèlman pèdi Woudou (ti salte), li dwe fè Woudoul. Men, si li te nan yon eta kote li 'pa pwòp' nèt (gwo salte tankou Janabah), li dwe benyen nèt ale (Ghusl) anvan li priye.

Gwo Salte se: sa ki obligè Mizilman an lave tout kò li.

Salte minè a se: sa ki oblije yon Mizilman fè woudou.

Yon mizilman dwe fè lapriyèl ak rad ki pwòp, nan yon kote ki pa gen okenn salte epi li dwe kouvri tout pati nan kòl ki dwe kouvri.

Yon mizilman dwe ranje kòl ak rad ki kòrèk epi ki pwòp lè li pral fè lapriyè, epi li dwe sèvi ak rad sa yo poul kouvri kòl byen. Pou yon gason, li pa gen

dwa kite okenn pati nan kò li parèt depi nan lonbrit rive nan jenou pandan lap priye.

Se yon obligasyon pou fanm nan kouvri tout kò li nan lapriyè, eksepte figi li ak 2 pla men li.

Pandan lapriyè, yon Mizilman pa dwe di okenn pawòl ki pa fè pati lapriyè a. Li dwe koute Imam lan avèk atansyon, epi li pa dwe vire gade adwat oswa agoch. Si li gen difikilte pou li aprann pawòl espesyal ki nan lapriyè a, li dwe sonje Allah epi glorifye Li jiskaske li fini lapriyè a. Epi, se yon obligasyon pou li pou li prese aprann lapriyè a ak tout pawòl ki ladan yo.

Pou nou priye jan sa dwe fèt, avèk pèmision Allah, se pou nou swiv etap sa yo epi kenbe fèm sou yo:

Etap 1: Entansyon an (An-Niyyah)

Anvan ou kòmanse, ou dwe gen entansyon nan kèw pou priye obligatwa ou pral fè a. Kote entansyon sa a rete, se nan kèw (li pa bezwen di ak bouch).

Lè mwen fin fè Woudoum ,mwen vire figim vè kote Lamèk ye a (Kibla), epi mwen kanpe dwat poum priye si mwen gen fòs pou sa.

Etap 2: Takbirat al-Ihram (Ouvri lapriyè a)

Mwen leve 2 men mwen yo jouk yo rive nan nivo zepòl mwen, epi mwen di: (Allahu Akbar — Allah se Sila a ki pi gran an), avèk entansyon nan kèw ke mwen kòmanse lapriyè a.

Etap 3: Lapriyè pou louvri lapriyè a (Dou'a al-Istiftah)

Aprèm fin di 'Allahu Akbar', mwen resite youn nan lapriyè ouvèti yo jan Pwofèt la te aprann nou an. Pa egzanp, mwen ka di pawòl sa yo:

(سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ وَبِحَمْدِكَ، وَتَبَارَكَ اسْمُكَ، وَتَعَالَى جَدُّكَ، وَلَا إِلَهَ غَيْرُكَ).

(O Allah, glwa pou ou ak lwanj pou ou, non ou gen benediksyon, grandè ou anlè nèt, epi pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon an Sèlman ou menm).

Etap 4: Mande Allah pwoteksyon (Al-Isti'adhah)

Aprèm fin fè lwanj pou Allah nan priyè ouvèti a, mwen mande Senyè toupwisan an pwoteksyon kont Satan (Chaytan) ki merite jete a, epi mwen di pawòl sa yo:

(أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ).

(Mwen chache pwoteksyon nan men Allah kont satan ki rejte a).

Etap 5: Mwen li Sourat Al-Fatiha nan chak 'Raka', ki se :

(الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ * الرَّحْمَنُ الرَّحِيمُ * مَالِكِ يَوْمِ الدِّينِ * إِيَّاكَ نَعْبُدُ وَإِيَّاكَ
نَسْتَعِينُ * اهْدِنَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيمَ * صِرَاطَ الَّذِينَ أَنْعَمْتَ عَلَيْهِمْ غَيْرِ الْمَغْضُوبِ
عَلَيْهِمْ وَلَا الضَّالِّينَ).

Tout lwanj ak tout remèsiman se pou Allah, ki se Mèt ak Chèf tout sa ki egziste nan linivè a.

Sila ki gen anpil bonte a, Sila ki gen anpil mizèrikòd la.

Mèt Jou Jijman an (Maliki Yawmi-d-Din)

Se Ou menm sèl nap adore, epi se nan men Ou menm sèl nap chèche sekou ak fòs.

Mennen nou epi kenbe nou sou chemen ki dwat la.

Chemen moun ou te vide benediksyon sou yo a, se pa chemen moun ki rale kòlè Ou sou yo, ni chemen moun ki pèdi wout yo nèt.

Après, mwen di: "Amine" (ki vle di: O Allah, aksepte).

Aprèm fin li Sourat Al-Fatiha, mwen li yon lòt ti pati nan Koran an (sam konnen an). Mwen fè sa nan premye ak dezyèm Rakat (pati) nan chak lapriyè sèlman. Sa pa obligatwa pou priyè a valab, men si yon moun fèl, li jwenn yon gwo rekonpans nan men Allah

Etap 6: Bese kò w (Ar-Rukou')

"Mwen di: (Allahu Akbar — Allah se Sila a ki pi gran), epi mwen bese kòm jouk dom dwat tankou yon tab. Mwen mete 2 pla men mwen yo sou jenou mwen ak dwèt mwen yo ouvè yon ti kras. Pandan mwen konsa a, mwen di: (Subhana Rabbiyal-'Adhim — Glwa pou Mèt mwen ki gen tout pouvwa a) twa (3) fwa.

Etap 7: Mwen leve soti nan 'Ruku' a pandan map di: (Allah koute sila ki fè lwanj pou li) epi map leve 2 men m rive nan nivo zepòl mwen, epi lèm fin kanpe dwat, mwen di: (O Senyè nou, tout louwanj se pou ou).

8. Mwen di: 'Allahu Akbar' epi mwen fè pwostènasyon (Soudjoud) sou 2 pla men mwen yo, 2 jenoum yo, anba dwèt pyem yo, ak fwon mwen ansanm ak nen mwen, epi nan pwostènasyon mwen an (Soudjoud), mwen di: 'Subhana Rabbiyal A'la' (Glwa pou Mèt mwen ki pi wo a) 3 fwa.

Etap 9: Mwen di: 'Allahu Akbar' epi mwen leve sot nan Soudjoud la poum chita ak do mwen byen dwat. Mwen kouche pye goch mwen atè epi mwen chita sou li, epi mwen drese pye dwat mwen, epi mwen di: 'Mèt mwen, padonem' . 3 fwa.

Etap 10: Mwen di: 'Allahu Akbar' epi mwen fè pwostènasyon an (Soudjoud) ankò, menm jan ak premye pwostènasyon an.

11. Mwen leve soti nan pwostènasyon an (Soudjoud) pandan map di 'Allahu Akbar' jiskaske mwen kanpe dwat, epi mwen fè nan rès Rakat yo nan Salât la menm jan mwen te fè nan premye Rakat la.

Après dezyèm rakat la nan lapriyè Zohr, Asr, Maghrib ak Isha, moun nan chita poul fè Premye 'Tachahoud' la, ki se:

(التحيات لله والصلوات والطيبات، السلام عليك أيها النبي ورحمة الله وبركاته، السلام علينا وعلى عباد الله الصالحين، أشهد أن لا إله إلا الله، وأشهد أن محمداً عبده ورسوله)

(Tout salitasyon se pou Allah, ak lapriyè yo, ak tout bon bagay yo. Lapè sou ou, O Pwofèt, ak mizerikòd Allah ak benediksyon li yo. Lapè sou nou, ak sou

sèvitè Allah ki dwat yo. Mwen temwaye ke pa gen okenn divinite eksepte Allah, epi mwen temwaye ke Muhammad se sèvitè Li ak mesaje Li) Apre sa, mwen leve kanpe poum fè twazyèm Raka a.

Après a dènnye rakat nan chak priyè, mwen chita poum li dènnye Tachahoud la, ki se:

(التحيات لله والصلوات والطيبات، السلام عليك أيها النبي ورحمة الله وبركاته، السلام علينا وعلى عباد الله الصالحين، أشهد أن لا إله إلا الله، وأشهد أن محمدًا عبده ورسوله، اللهم صلّ على محمد وعلى آل محمد، كما صليت على إبراهيم وعلى آل إبراهيم، إنك حميد مجيد. اللهم بارك على محمد وعلى آل محمد، كما باركت على إبراهيم وعلى آل إبراهيم، إنك حميد مجيد)

(Tout salitasyon se pou Allah, ak lapriyè yo, ak tout bon bagay yo, Lapè sou ou, O Pwofèt, ak mizerikòd Allah ak benediksyon li yo, Lapè sou nou, ak sou sèvitè Allah ki dwat yo, Mwen temwaye ke pa gen okenn divinite eksepte Allah, epi mwen temwaye ke Muhammad se sèvitè Li ak mesaje Li, O Allah, voye elòj ou sou Mouhammad e sou fanmi Mouhammad, menm jan ou te voye elòj ou sou Ibrahim e sou fanmi Ibrahim; an verite, Ou diy de louwanj, Ou glorye. O Allah, beni Mouhammad e sou fanmi Mouhammad, menm jan ou te beni Ibrahim e sou fanmi Ibrahim; an verite, Ou diy de louwanj, Ou glorye)

12. Après a, mwen bay 'Salam' (salitasyon) sou bò dwat mwen pandan map di: 'Assalamou Alaykoun wa Rahmatoullah' (Se pou lapè Allah ak mizèrikòd li sou nou), epi mwen bay 'Salam' sou bò gòch mwen pandan map di: 'Assalamou Alaykoun

wa Rahmatoullah', ak entansyon poum soti nan lapriyè a. Epi se konsa mwen akonpli lapriyè a.

Hijab fanm Mizilman an

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿يَا أَيُّهَا النَّبِيُّ قُلْ لَأَزْوَاجَكُمْ وَبَنَاتِكُمْ وَنِسَاءَ الْمُؤْمِنِينَ يُدْنِينَ عَلَيْهِنَّ مِنْ جَلَابِيبِهِنَّ ذَلِكَ أَدْنَى أَنْ يُعْرَفْنَ فَلَا يُؤْذَيْنَ وَكَانَ اللَّهُ غَفُورًا رَحِيمًا﴾

O Pwofèt! Di madanm ou yo, ak pitit fi ou yo, ak madanm tout kwayan yo, pou yo rale gwo vwal yo (Jalbab) sou kò yo. Sa ap rann li pi fasil pou moun rekonèt yo kòm fanm de byen konsa pèsonn pap anbete yo. Epi Allah se Sila a ki konn padone, Sila a ki gen anpil mizèrikòd. Vèsè sa a soti nan Sourat Al-Ahzab vèsè 59

Bondye mande chak fanm mizilman pou li mete Hijab li epi kouvri tout kò li devan gason ki etranje pou li (ki pa fanmi li). Li dwe sèvi ak rad ki nòminal nan peyi kote lap viv la depi rad la respektè kondisyon yo. Yon fanm pa gen dwa retire vwal li, sof devan maril oswa devan moun ki 'Mahram' li.

Règ yon fanm mizilman dwe respektè nan fason li abiye:

1. Kouvri tout kò a nèt
2. Rad la pa dwe yon dekorasyon pou atire zye (Zina)

Rad yon fanm mizilman ap mete a pa dwe tèlman gen bèl dekorasyon, koulè kap klere, oswa detay sou li ki fèt pou fè gason ki etranje (ki pa fanmi li) oblije vire gadel.

3. Rad la pa dwe fen (Li pa dwe transparan)

"Twal rad yon fanm mizilman ap mete a dwe pwès ase pou moun pa ka wè po li ni sa ki anba rad la. Li pa dwe yon rad ki 'klè' (transparan) kote moun ka wè koulè kò li oswa fòm rad li gen anba a."

4. Rad la dwe laj (Li pa dwe sere)

"Rad yon fanm mizilman ap mete a dwe laj . Li pa gen dwa tèlman sere poul trase fòm kò li (tankou fòm ranch li, lestonmak li, oswa janm li) nan zye moun ki etranje pou li."

5. Li pa dwe gen pafen kap santi fò (si lap pase bò kote gason etranje)

"Yon fanm mizilman pa dwe mete pafen oswa lansan ki santi fò sou rad li si li konnen li pral pase kote ki gen gason ki pa fanmil (etranje) ki ka santi odè sa a."

6. Rad la pa dwe sanble ak rad gason

"Yon fanm mizilman pa gen dwa mete rad ki fèt espesyalman pou gason, oswa rad ki fè moun konfonn li ak yon gason."

7. Rad la pa dwe sanble ak rad moun ki pa mizilman (nan fèt oswa seremoni yo)

"Yon fanm mizilman pa dwe mete rad ki se yon mak fabrik pou yon lòt relijyon, ni rad moun ki pa mizilman konn mete espesyalman pou fèt pa yo oswa pou seremoni adorasyon pa yo."

8. Rad la pa dwe yon rad "Pou parèt" (pou fè wè)

"Yon fanm mizilman pa dwe mete yon rad ki fèt sèlman pou fè moun gade li, poul fè wè, oswa pou li montre li pi wo pase lòt moun nan sosyete a (kit se paske rad la twò chè, kit se paske li twò dwòl).

Pami kalite moun ki gen lafwa a (Yon kwayan)

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿ إِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ الَّذِينَ إِذَا ذُكِرَ اللَّهُ وَجِلَتْ قُلُوبُهُمْ وَإِذَا تُلِيَتْ عَلَيْهِمْ آيَاتُهُ زَادَتْهُمْ إِيمَانًا وَعَلَىٰ رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ ﴾

"Se sèlman moun sa yo ki vrè kwayan: se moun ki lè yo tande non Allah kè yo pran tranble (ak respè), epi lè yo resite vèsè li yo devan yo, sa fè lafwa yo vin pi solid toujou, epi se nan Mèt yo sèlman yo mete tout konfyans yo." Sourat Al-Anfal vèsè 2

Li toujou di laverite nan pawòl li, epi li pa janm bay manti.

Li respekte angajman ak pwomès.

-Li pa depase limit lèl gen kont(lèl gen pwoblèm ak lòt moun)

Youn ki respekte sa yo konfyel

- Li renmen pou frè Mizilman li a sa li renmen pou tèt pa li.

- Li dwe jenere.

Li fè byen ak moun yo.

Kenbe kontak ak fanmi.

- Li satisfè ak sa Allah deside, li remèsye li nan moman byenfè, epi li pran pasyans nan moman eprèv.

Gen Diyite ak respè (Al-Haya')

Gen kè sansib pou tout sa Allah kreye

Kè li pa gen okenn rankin, epi manm li yo pa fè okenn agresyon sou pèsonn.

Li padone moun.

- Li pa ni pran Riba, ni fè tranzaksyon avèl.

Li pa fè adiltè.

- Li pa dwe bwè alkòl.

Li byen aji ak vwazen li yo.

Li pa fè lenjistis, epi li pa trayi.

- Li pa vòlè, epi li pa twonpe.

-Li fè byenfè pou paran li, menm si yo pa mizilman, epi li obeyi yo nan sa ki bon.

- Li edike pitit li yo nan vèti, li kòmande yo pou yo fè devwa relijye yo, epi li entèdi yo fè vis ak sa ki entèdi.

- "Yon vrè kwayan se yon moun ki pa chèche sanble ak moun ki pa mizilman nan fason yo pratike relijyon yo, ni nan koutim (vye mès) ki vin sèvi kòm yon siy espesyal oswa yon abitud pou yo.

- Li tounen vin jwenn Allah epi li mande li padon pou mankman li yo ak peche li yo.

Prensip enpòtan nan Lafwa (Akida) Mizilman an.

1- Allah se Seyè nou, pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon esepite Li menm. Pa gen lòt Seyè andeyòl ni okenn lòt dye esepite Li. Pa gen anyen ki sanble avèk Li, ni anyen ki ka depase kapasitel, epi se Li menm ki tandè tout bagay, ki wè tout bagay.

2- Allah lwanj pou Li, nan syèl la. Li anlè tout sa Li kreye yo, Li separe ak kreyati Li yo (Li pa melanje ak yo). Grandè Li total nan tout sans: nan Limenm kòm senyè toupwisan, nan pouvwa Li, ak nan jan Li domine tout bagay. Men, malgre Li anlè nèt, Li konnen tout sak ap pase epi Li kouvri tout bagay ak konesans Li.

3& Nou konfime tout Non ak Kalite ke Allah, Toupwisan an, te konfime pou tèt Li, oswa sa Pwofèt Li a Muhammad (lapè ak benediksyon Allah sou li) te konfime pou Li; epi nou nye tout sa Allah te nye konsènan tèt Li, oswa sa Pwofèt la (lapè ak benediksyon Allah sou li) te nye konsènan Li.

4- Allah Toupwisan an reponn tout demann, li satisfè tout bezwen, epi se li ki mèt tout bagay. Pèsonn pa ka ni fè mal ni fè byen esepite li menm sèl, epi sèvitè a pa ka dispanse avèk li menm pou yon bat zye. Konsa, yon Mizilman pa gen dwa dirije okenn kalite adorasyon bay pèsonn lòt esepite Allah Toupwisan an, tankou demann (Doua), lapriyè (Salat), fè ve (Nadhr), ofri sakrifis (touye bèt),

lakrentif, lespwa, konfyans, ak lòt kalite adorasyon ankò, kit se sa ki parèt aklè oswa sa ki kache. Epi nenpòt moun ki ofri nenpòt kalite adorasyon bay yon lòt kreyati ki pa Allah Toupwisan an, moun sa a se yon 'Mouchrik' (yon moun ki bay Allah asosye).

Pi gwo nan tout peche yo se bay Allah asosye. Epi nenpòt moun ki mouri sou Chirk, Allah entèdi li antre nan Paradi a, epi kote li pral rete a se nan Lanfè. Epi se peche sa a Allah pap padone si sèvitè a mouri sou li ladan li si li pa te repanti pou li.

6 - « Sa ki te dwe rate yon sèvitè Allah pap janm ka rive li; epi sa ki dwe rivel, pap janm ka rate l. Yon Mizilman dwe gen lafwa nan dekrè ak desten Allah (Al-Qada' wa al-Qadar), li dwe aksepte ak satisfaksyon sa Allah deside pou li, epi li dwe toujou fè lwanj pou Mèt li epi remèsye li nan nenpòt sitiyaasyon. »

7- Muhammad (Lapè ak benediksyon Allah sou li), pwofèt nou an, se pi bon nan tout moun epi li se dènye pami tout pwofèt yo. Epi li se moun kap entèsede epi ki gen entèsesyon li aksepte nan Jou Jijman an. Allah te pran li kòm zanmi pwòch menm jan li te pran Abraram (ke lapè sou li) kòm zanmi pwòch.

10- Liv nou an se Koran Sen an: li se yon mirak , verite li ak otantisite pa gen okenn dout epi lekti li se yon fòm adorasyon . Allah Toupwisan an te voye li desann sou Pwofèt nou an, Muhammad (ﷺ), pa mwayen Djibril ki se pi gran nan tout zanj yo. Allah

Toupwisan an pwoteje li kont nenpòt chanjman oswa falsifikasyon, jan Li te deklarel nan glwa Li a.
»

﴿ إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا الذِّكْرَ وَإِنَّا لَهُ لَحَافِظُونَ ﴾

Anverite se Nou menm ki te desann Rapèl la (Koran an), epi se Nou menm ki ap pwoteje li. [Al-Hijr: 9].

11- Moun ki pi prè Allah se moun ki pi obeyisan anvè li, epi ki plis swiv lalwa Li a. Yon Arab pa pi bon pase yon moun ki pa Arab, ni yon moun ki pa Arab pa pi bon pase yon Arab; yon moun po blan pa pi bon pase yon moun po nwa, ni yon moun po nwa pa pi bon pase yon moun po blan, eksepte nan krentif yo gen pou Allah. Tout moun soti nan Adan, epi Adan soti nan tè. Allah (ki gen tout glwa pou Li) te di:

﴿ إِنَّ أَكْرَمَكُمْ عِنْدَ اللَّهِ أَتْقَاكُمْ ﴾

Sètènman, moun ki gen plis onè pami nou devan Allah se sila a ki gen plis krentif la. [Al-Hujurat:13].

12- Mizilman an kwè nan zanj nòb yo ki ekri yo, li kwè nan egzistans yo, epi li kwè yo se sèvitè Allah te kreye ak limyè, epi yo se yon kreyati pami kreyati Allah yo. Pami yo gen Jibril, ki responsab pou revelasyon an, ak Mikaïl, ki responsab pou lapli, epi Israfil, ki responsab pou soufle nan twonpèt la, ak zanj lanmò a, ki responsab pou pran nanm sèvitè yo.

13- Yon Mizilman gen lafwa nan tout siy kap anonse lafen tan an (Jou Jijman an). Sa gen ladan li:

parèt fo Mesi al-Dadjal (manti ki pral twonpe moun), desann Isa (Jezi), pitit gason Mari a (as), ki pral soti nan syèl la nan dènye tan yo, epi solèy la kap leve bò kote li konn kouche a (nan lès)

14- Mizilman an kwè nan pinisyon nan tonbo an pou moun ki meritel, ak plezi (bonè) nan tonbo nan pou moun ki meritel. Li kwè tou nan kesyon 2 zanj yo, Mounkar ak Nakir, ap poze nan twou tonbo sou Senyè li, sou relijyon li, ak sou Pwofèt li a. Epi li kwè ke tonb nan se swa yon jaden nan jaden Paradi yo, oswa yon twou nan twou dife Lanfè yo.

15- Li kwè nan rezirèksyon ak nan rekonpans oswa pinisyon kap bay selon aksyon moun fè, nan jou Jijman an. Li kwè tou ke Paradi ak Lanfè se 2 kreyasyon ki egziste deja epi yo pap janm fini.

Maji (sòsèlri) se yon zak ki montre moun nan nye Allah. Li pa pèmèt pou moun aprann li, ni pou yo ale kay majisyen oswa kay moun kap fè kout dezespere (moun kap twonpe moun). Yon mizilman pa dwe kwè ni nan moun kap li kout kat (diven), ni nan moun kap predi lavni. Nenpòt moun ki kwè nan sa yap di, moun sa a nye sa ki te desann sou do Pwofèt Mouhamad (se pou lapè ak Benediksyon Allah kouvri li).

17 - Mizilman an renmen konpayon Pwofèt Allah la (lapè ak benediksyon Allah sou li); li renmen moun ki renmen yo, epi li pa renmen moun ki rayi yo, paske renmen yo se yon zak lafwa ak yon bèl zèv, epi rayi yo se enkredilite ak ipokrizi. Pwofèt la

(lapè ak benediksyon Allah sou li) te di: (Pa joure konpayon mwen yo). Rapòte pa Mouslim. Epi, tout moun ki atake oswa ki denigre youn nan Konpayon yo (se pou Allah kontan ak yo tout), moun sa a se yon moun ki egare epi yon inovatè.

16- Mizilman an rekonèt otorite lidè (kalif) ki te vin aprè Mesaje Allah a ﷺ: an premye, Abou Bakr As-Siddiq (se pou Allah kontan avè l), paske li gen plis valè epi li pase anvan tout rès kominote a; après, Oumar ibn al-Khattab; après, Ousman; epi après, Ali ibn Abi Talib. Yo se kalif ki te byen gide yo epi yo se lidè ki sou bon chemen an.

17- Fason nou fè sèvis pou Allah (adorasyon) se yon bagay ki fikse deja; sa vle di nou pa gen dwa adore Allah nan yon fason ki pa baze sou sa ki ekri nan Liv la (Koran an) oswa nan sa Pwofèt li a (lapè ak benediksyon Allah kouvri li) te moutre nou (Sounnah). Tout fason pou adore Allah moun envante aprè lanmò Pwofèt la, si sa pa te nan chemen li te trase a, se yon inovasyon ki pa vo anyen. Pwofèt la ﷺ te di: 'Nenpòt moun ki ajoute yon bagay nan relijyon nou an ki pat ladan li, yap rejte sa.'

(Se Boukari ki te rapòte pawòl sa a).

18- Akseptasyon adorasyon an depann sou 2 pilye fondamantal: Senserite pou Allah, Trè Wo a, nan adorasyon an, epi dezyèm nan se swiv Pwofèt la ﷺ ladan li. Konsa, yo pap aksepte adorasyon an si

li pa fèt avèk senserite pou Allah, epi yo pap aksepte li tou si li pa fèt dapre direksyon Mesaje Allah la ﷺ.

Mwen jwenn bonè mwen nan Islam, relijyon mwen an.

Men sa senyè toupwisan an di:

﴿مَنْ عَمِلَ صَالِحًا مِنْ ذَكَرٍ أَوْ أَنْتَىٰ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَلَنُحْيِيَنَّهٗ حَيَاةً طَيِّبَةً وَلَنَجْزِيَنَّهُمْ أَجْرَهُمْ بِأَحْسَنِ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ﴾

Nenpòt moun ki fè aksyon ki bon, kit li se gason kit li se fi, pandan li gen lafwa (li kwè nan Allah), nap ba li yon bèl lavi (sou tè a), epi nap ba yo rekonpans yo dapre pi bon nan sa yo te konn fè. Sourat An-Nahl, vèsè 97

Pami pi gwo bagay ki mete kontantman, kè poze ak lajwa nan kè yon Mizilman, se koneksyon dirèk li genyen ak Mèt li, san okenn entèmedyè, ni pami moun ki vivan, ni pami moun ki mouri, ni pami zidòl yo. Paske Allah Senyè toupwisan an ki anwo nan syèl la te mansyone nan Liv sakre Li a ke Li toujou toupren sèvitè li yo, Li tande yo epi Li reponn lapriyè yo, jan li (ki gen tout glwa a) te di a:

﴿وَإِذَا سَأَلَكَ عِبَادِي عَنِّي فَإِنِّي قَرِيبٌ أُجِيبُ دَعْوَةَ الدَّاعِ إِذَا دَعَانِ فَلْيَسْتَجِيبُوا لِي وَلْيُؤْمِنُوا بِي لَعَلَّهُمْ يَرْشُدُونَ﴾

Epi si sèvitèm yo mandew de mwen, enbyen, mwen toupren yo. Mwen reponn priyè (doua) moun kap rele mwen nan lè li relem. Se pou yo reponn apèl mwen an epi se pou yo gen konfyans (lafwa) nan mwen, konsa yap kapab jwenn bon chemen an. Sourat Al-Baqarah, vèsè 186 Epi Allah (tout glwa

pou Li) te ban nou lòd pou nou priye li, epi Li te fè lòd sa a youn nan pi gwo adorasyon ki pèmèt Mizilman an pwoche pi prèMèt li, jan Senyè Granmèt la di sa:

﴿ وَقَالَ رَبُّكُمُ ادْعُونِي أَسْتَجِبْ لَكُمْ إِنَّ الَّذِينَ يَسْتَكْبِرُونَ عَنْ عِبَادَتِي سَيَدْخُلُونَ جَهَنَّمَ دَاخِرِينَ ﴾

Epi Mèt nou an di: 'Relem (adore mwen), Map reponn nou. Anverite, moun sa yo ki gen lògèy epi ki refize adorem yo pral antre nan lanfè (Jahannam) tou wont. [Ghafir vèsè 60], Konsa, Mizilman ki dwat la toujou bezwen Mèt li a, li toujou ap sipliye devan Li, epi li chache rapwoche bò kote Li ak adorasyon ki dwat yo.

Epi Allah ki merite tout lwanj mete nou nan linivè sa a pou yon rezon ki gran anpil, epi li pat kreye nou pou san rezon. Rezon sa a se pou nou adore li sèlman, san nou pa ba li okenn asosye. Li tabli pou nou yon relijyon ki soti bò kote li menm, ki konplè, epi ki òganize tout aspè nan lavi nou, kit se an prive, kit se an piblik. Epi pa mwayen lwa jis sa a, li pwoteje bagay ki esansyèl nan lavi a, ki se : relijyon nou, lavi nou, onè nou, lespri nou, ak byen nou. Konsa, moun ki viv pandan lap obeyi kòmandman lalwa yo epi ki evite sa ki entèdi, li pwoteje bagay esansyèl sa yo, epi san okenn dout, lap viv ak kè kontan epi ak kè poze nan lavi li.

Lyen mizilman an ak Mèt li a se yon lyen pwofon ki pote trankilite ak kè poze, yon santiman kalm,

sekirite, ak lajwa; epi li fè sèvitè li a ki kwè a santi prezans Mèt li a, Senyè Granmèt la, ansanm ak swen li ak pwoteksyon li. Senyè toupwisan an ki anwo nan syèl la di:

﴿اللَّهُ وَلِيُّ الَّذِينَ آمَنُوا يُخْرِجُهُم مِّنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ﴾

Allah se Gadyen moun ki kwè yo, Li retire yo sot nan fènwa pou li mennen yo nan limyè a. [sourat Al-Baqarah vèsè 257].

Gwo relasyon sa a se yon eta nan nanm moun ki pousel jwenn jwa nan adore Allah li fèl anvi rankontre avèk li, epi li fè kèl vole wo nan syèl kontantman an pandan lap santi dousè lafwa a.

Dousè sa a, pèsonn pa ka dekri plezi li, eksepte moun ki goute li nan fè bon zèv obeyisans yo epi nan evite move aksyon yo. Se poutèt sa, Pwofèt Muhammad, ke lapè ak benediksyon Allah sou li, di:

(ذاق طعم الإيمان من رضي بالله رباً وبالإسلام ديناً وبمحمد رسولاً)

(Li goute gou lafwa, sila a ki satisfè ak Allah kòm Mèt, ak Islam kòm relijyon, epi ak Muhammad kòm mesaje) Rapòte pa Mouslim.

Wi, si yon moun toujou santi li kanpe devan Kreyatè li a, li konnen Li pa mwayen bèl non ak bèl kalite Li yo, li adore Li kòm si li tap wè li, epi li sensè nan adorasyon lap bay Allah san li pa chèche anyen lòt pase satisfè Allah sèlman, ki gen tout grandè a; moun sa a ap viv yon bèl lavi ki ranpli ak bonè sou tè a epi lap jwenn yon bon rezilta nan lavi kap vini an.

Menm gwo tèt chaje ak malè ki tonbe sou yon kwayan nan lavi sa a, chalè doulè yo disparèt devan frèchè lafwa ki san mank lan. Se yon moun ki aksepte ak tout kè li sa Allah deside (Rida), kap fè lwanj pou Li nan tout sa kap rive, kit se nan bon tan, kit se nan move tan. Li kontan nèt ak volonte Allah.

Pami bagay yon Mizilman dwe veye sou yo pou kontantman li ak kè poze li ogmante: se sonje Allah Toupwisan an anpil, epi li Koran an ki sen an, jan Senyè toupwisan an ki anwo nan syèl la di:

﴿الَّذِينَ آمَنُوا وَتَطْمَئِنُّ قُلُوبُهُمْ بِذِكْرِ اللَّهِ أَلَا بِذِكْرِ اللَّهِ تَطْمَئِنُّ الْقُلُوبُ﴾

Moun ki gen lafwa yo, kè yo poze lè yap sonje Allah. Eske se pa lè moun Senyè toupwisan an kè yo jwenn poze tout bon? Sourat Ar-Ra'd, vèsè 28 Plis yon Mizilman sonje Allah epi li resite Koran an, se plis koneksyon li ak Allah senyè toupwisan an vin pi fò, nanm li pirifye, epi lafwa li vin pi solid.

Menm jan an tou, yon mizilman dwe fè efò pou li aprann zafè relijyon li nan sous ki kòrèk yo, pou li ka adore Allah avèk klèwayans, paske Pwofèt la (se pou lapè ak benediksyon Allah sou li) te di:

(طلب العلم فريضة على كل مسلم)

(Chèche konsepsyon se yon obligasyon pou chak Mizilman) Rapòte pa Ibn Majah, Epi pou li soumèt li nèt, pou li swiv lòd Allah ki te kreyel la san gad dèyè, kit li konprann rezon ki fè Allah bay lòd sa a, kit li pa konprann li. Paske Allah di nan Liv ki sakre a (Koran an):

﴿وَمَا كَانَ لِمُؤْمِنٍ وَلَا مُؤْمِنَةٍ إِذَا قَضَى اللَّهُ وَرَسُولُهُ أَمْرًا أَنْ يَكُونَ لَهُمُ الْخِيَرَةُ مِنْ أَمْرِهِمْ وَمَنْ يَعْصِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ ضَلَّ ضَلَالًا مُبِينًا﴾

Li pa kòrèk pou yon kwayan, ni gason ni fi, lè Allah ak Mesaje li a fin dekrete yon bagay, pou yo gen chwa pa yo nan zafè sa a. Epi nenpòt moun ki dezobeyi Allah ak Mesaje li a, li sètènman tonbe nan yon egareman ki klè. [Sourat Al-Ahzab vèsè36].

Epi, se pou benediksyon ak lapè Allah desann sou Pwofèt nou an, Muhammad, ak sou fanmi li ak tout konpayon li yo.

الفهرس

Gid pratik pou chak Mizilman.....	2
Gid pratik pou chak Mizilman.....	2
Entwodiksyon	2
Rezon ki fè Allah kreye moun oswa (Sajès ki dèyè kreyasyon sèvitè yo).....	2
Mèt mwen ‘senyè mwen se Allah.....	3
Pami bèl non li yo, nou jwenn :	4
Pwofèt mwen an Muhammad, ke lapè ak benediksyon Allah sou li.....	6
Mouhammad, (ke lapè ak benediksyon Allah sou li), Mizèrikòd la ki se yon kado:	7
Pami kalite li, (ke lapè ak benediksyon Allah sou li):.....	11
« Koran ki Noble a se pawòl Seyè mwen an. »	11
Relijyon mwen se Islam.....	12
Premye nivo a: Islam	13
Baz fondamantal Islam yo	13
Premye Pilye a: Temwayaj ke pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon apa Allah, epi Muhammad se Mesaje Li	13
"Sa vle di rekonèt ak bouch ou epi kwè ak tout kè ou ke se Allah sèl ki gen dwa pou moun adorel epi Muhammad se moun Allah chwazi pou pote mesaj Li a ban nou.	13
Dezyèm pilye a:Se Pratik Lapriyè (Salat).....	14
Twazyèm pilye a: Bay Zakat la(bay lacharite).	15
Katriyèm Pilye a: Fè jèn nan mwa Ramadan.....	16
Senkyèm Pilye a: Pèlerenaj nan Kay Senyè toupwisan an ki sakre a (Hajj).....	17
Dezyèm Nivo a: Lafwa (L-Imān)	18
Pilye Lafwa (Iman) yo	18

Premye Pilye a: Kwè nan Allah (Al-Iman billah).....	19
Dezyèm Pilye: Lafwa nan zanj yo.....	20
Twazyèm pilye a: Kwè nan Liv yo.....	21
Katriyèm Pilye: Kwè nan Mesaje Allah yo (Al-Iman bir-Rusul)	23
Senkyèm Pilye: Kwè nan Dènye jou a	24
Sizyèm Pilye: Lafwa nan Predestinasyon, kit li bon kit li move	24
Twazyèm Nivo a: Pèfeksyon an	26
Pirifikasyonw, pwòpte nan nivo relijye.	26
Ablisyon an (Woudou).....	28
Pase men sou Chosèt ak Soulye	31
Benyen nèt, konplètman	33
At-Tayammum (التيمم). Nan langaj nou, nou ka rele: "Lave kò w ak pousyè tè" lè pa gen dlo.....	34
Lapriye (As-Salat)	35
Preparasyon pou lapriye a	35
Hijab fanm Mizilman an	41
Pami kalite moun ki gen lafwa a (Yon kwayan).....	43
Prensip enpòtan nan Lafwa (Akida) Mizilman an.	45
Mwen jwenn bonè mwen nan Islam, relijyon mwen an.	50